



Pou Piblikasyon Imedya: 10/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENPLIKASYON MEZI FEDERAL POU PWOTEJE TRAVAYÈ SAN PAPYE YO PANDAN ENVESTIGASYON NAN TRAVAY YO

Depatman Travay Eta New York etabli nouvo pwosesis Administrasyon Biden lan te entwodwi pou pwoteje travayè san papyè yo

Chanjman yo ranfòse efò yo pou rann anplwayè san skripil yo responsab

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) la deja aplike yon nouvo pwosesis pou pwoteje travayè imigran san papyè yo kont reprezay ak ekspilsyon pandan konfli travay yo, sa i elaji pwoteksyon administrasyon Biden te mete an plas nan kòmansman ane sa a. Atravè yon patenarya ant ajans ak Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an, NYSDOL ap travay kounye a ak travayè san papyè yo ak defansè yo pou jwenn pwoteksyon tanporè kont pouswit ak potansyèl ekspilsyon, ansanm ak kapasite pou travay legalman nan Etazini si travayè a enplike nan investigasyon NYSDOL Eta a yo. Pwosesis diskresyon pouswit sa a, ke yo te elaji nan kad administrasyon Biden lan pou l enkli ajans eta yo, ede diminye retisans pou travayè san papyè yo denonse patwon san skripil yo, ke yo souvan menase pou yo ekspilse yo oswa sibi lòt fòm reprezay.

"Patenarya enpòtan sa a ak Depatman Sekirite Enteryè Ameriken an pral non sèlman ede pwoteje entegrite investigasyon nan travay nou yo, men tou, sekirite travayè vilnerab New York yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "New York fyè pou l dirije nasyon an nan pwoteksyon travayè yo, epi n ap kontinye travay ak patnè lokal, eta ak federal nou yo pou asire tout travayè yo jwi dwa yo genyen pou yo genyen jistis ak sekirite nan espas travay la - kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo."

Travayè san papyè ki enplike nan investigasyon sou travay nan espas travay NYSDOL la ka soumèt, oswa fè yon defansè oswa yon avoka soumèt nan non yo, yon demann Deklarasyon Enterè bay NYSDOL ki sipòte diskresyon pouswit nan DHS. Inite Pwoteksyon Travayè a pral evalye demann lan epi bay yon detèminasyon nan espas 30 jou. Apa, travayè a ta dwe soumèt yon dosye an menm tan pou aksyon difere bay DHS. Chak aplikasyon revize pa DHS epi, si yo apwouve, travayè a ka jwenn aksyon difere, ki pwoteje yo kont ekspilsyon pou dezan, oswa plis nan ka investigasyon kontinèl oswa peman ki vin apre ki soti nan men anplwayè yo. Eta New York te akòde 32 Deklarasyon Enterè depi lansman pwosesis sa a, ki afekte plis pase 100 travayè.

Depi DHS aksepte yon lèt Deklarasyon Enterè, tout travayè nan yon chan travay ki afekte nan ankèt la kalifye pou aplike pou aksyon difere a. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis la, vizite [paj wèb](#) diskresyon pouswit la.

Komisè Depatman Travay Eta New York la, Roberta Reardon, te deklare, "Laperèz pou reprezay paralizan pou nenpòt travayè, men li espesyalman terib pou imigran yo. Nan Depatman Travay la, nou envestige tout plent yo, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon an. Nou kwè ke tout travayè yo gen dwa nan chak espas travay atravè Eta New York. Si yon travayè se yon viktim oswa yon temwen vyolasyon nan travay, tanpri rapòte nou sa. Nou ka ede."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Imigran san papyè yo kontribye nan ekonomi Eta New York la epi yo merite pou yo gen pwoteksyon nan espas travay kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon yo. Mwen sipòte efò Gouvènè Hochul ap fè pou aplike garanti pou travayè san papyè yo epi rann patwon yo responsab."

Reprezantan Jerry Nadler te deklare, "Tout travayè yo merite pou yo pa sibi eksplwatasyon ak reprezay nan espas travay yo, epi mwen bat bravo pou anons Gouvènè Hochul jodi a ki pral ede pwoteje travayè ki pa gen papyè yo nan New York pandan tout envestigasyon nan travay yo. Patenarya NYSDOL ak patnè federal yo nan DHS pral retire plis pratik travay san skripil soti nan fènwa a paske travayè yo ka asire yo pa pral fè fas ak reprezay paske yo pale sou kondisyon yo ap fè fas yo."

Reprezantan Paul Tonko te deklare, "San pwoteksyon ki nesèsè ki an plas, patwon eksplwatè yo twò souvan kapab anpeche travayè san papyè yo pale kont kondisyon ilegal oswa ki danjere nan espas travay la ak menas depòtasyon, kidonk sa ki afebli dwa ak pwoteksyon tout travayè yo. Okenn travayè pa ta dwe oblije rete an silans paske yo pè reprezay. Mwen rekonesan yo ap aplike mezi federal sa yo mwen te sipòte yo pou pwoteje travayè imigran yo epi asire pi bon estanda ak yon anviwonman travay ki an sekirite pou tout moun."

Richard Blum, Avoka nan Legal Aid Society, te deklare, "Emisyon deklarasyon enterè Depatman Travay Eta New York la se yon etap kle nan konbat menas ak atmosfè laperèz ki omniprezan ki akonpaye anjeneral vòl salè ak lòt pratik travay grav yo."

Callen Lowell, Manm Equal Justice Works, Brooklyn Defender Services, te deklare, "Pandan twò lontan, patwon ki san skripil yo pwofite travayè imigran yo ki pè reprezay lè yo peye yo salè minimòm enferyè. Lè li pibliye Deklarasyon Enterè, Depatman Travay Eta New York la te franchi yon etap enpòtan pou rann kliyan nou yo mwens vilnerab fas ak a vanjans ki baze sou imigrasyon pa anplwayè yo."

Sa a se dènye nan yon seri efò Gouvènè Hochul fè pou pwoteje ak sipòte rezidan ki pa gen papyè nan Eta New York, epi anpeche patwon ki san skripil yo sèvi ak ekspilasyon pou evade lwa travay eta a yo. Nan mwa me a, Gouvènè a te mande gouvènman

federal la pou [akselere otorizasyon travay](#) pou moun k ap chèche azil yo. Nan mwa fevriye a, Gouvènè Hochul [te anonse](#) ekspansyon Pwogram Pakou Pwofesyonèl Eta New York la pou Imigran ki Gen Anpil Konpetans (Professional Pathways for High-Skilled Immigrants Program), ki ede nouvo Ameriken yo jwenn travay ki koresponn ak konpetans yo ak eksperyans yo. Nan mwa Oktòb 2021, [li te siyen lejislasyon](#) ki pwoteje imigran san papyè yo kont menas pou rapòte sityasyon imigrasyon yo.

Divizyon Estanda Travay NYSDOL la pwoteje tout travayè yo, enkli moun ki pa gen papyè oswa ki pa nan lis pèman ofisyèl yo. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sit entènèt Divizyon Estanda Travay](#) la. Anplis de sa, Divizyon Politik ak Afè Imigran (Division of Immigrant Policies and Affairs, DIPA) NYSDOL la asire sèvis, pwogram, ak pwoteksyon Depatman an disponib pou tout travayè yo, enkli moun ki travay nan oswa ki demenaje pou vini nan New York ki soti nan yon lòt peyi. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sit entènèt DIPA](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)